



Biwo pou Edikasyon PreKindergarden a Klas 12
Administracion Program Nutricion Timoun
89 Washington Avni, Chanm 375 EBA, Albany, NY 12234
(518) 473-8781 Fax (518) 473-0018
www.cn.nysed.gov

Lèt pou paran pou pwogram manje lekòl yo
Opsyon pou Pwovizyon Espesyal (Pwovizyon 2 ane san baz ak Pwovizyon Elijiblite Kominotè)

October 2, 2017

Chè Paran oswa Gadyen:

Nou kontan enfòme w ke UNIONDALE UFSD pral aplike yon opsyon sètifikasyon repa ki disponib nan lekòl ki patisipe nan Pwogram Nasyonal manje midi ak lekòl manje maten pou 2017-2018.

Ki sa sa vle di pou pitit ou a (yo) ale nan lekòl la (yo) ki idantifye pi wo a?

Tout elèv ki enskri nan TOUT LEKÒL PIBLIK UNIONDALE yo kalifye pou yo resevwa yon manje maten ak manje midi nan lekòl la san w pa peye pou kay ou chak jou nan ane lekòl 2017-2018 la. Pa gen okenn aksyon ki nesèsè nan ou. Pitit ou a (yo) ap kapab patisipe nan pwogram manje sa yo san yo pa gen pou peye yon frè oswa soumèt yon aplikasyon.

Si w gen nenpòt lòt kesyon, tanpri kontakte nou nan 516-918-2324 (Mesye Gregory Singer) ou 516-560-8802 (Mesye Steven Epstein).

Sensèman,

Dr. William K. Lloyd,
Sipeentandan Lekol yo

An akò avèk lwa dwa sivil federal ak règleman dwa politik sivil ak US Department of Agriculture (USDA), USDA, Ajans li, biwo, ak anplwaye yo, ak enstitisyon k ap patisipe nan oswa administre pwogram USDA yo entèdi pou fè diskriminasyon baze sou ras, koulè, Orijin nasyonal, sèks, enfimite. laj, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil anvan nan nenpòt pwogram oswa aktivite ki fèt oswa finanse pa USDA.

Moun ki gen andikap ki bezwen mwayen altènatif pou kominike pou enfòmasyon sou pwogram (tankou bray, gwo enprimri, audiotape, lang siy Ameriken, elatriye), ta dwe kontakte Ajans la (Eta oswa lokal) kote yo te aplike pou benefis yo. Moun ki soud, ki gen difikilte pou tande oswa ki gen andikap pou lapawòl kapab kontakte USDA nan Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339. Anplis de sa, enfòmasyon sou pwogram yo ka disponib nan lang ki pa angle.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram lan, ranpli Fòm pou Plent USDA Diskriminasyon sou Pwogram Diskriminasyon, (AD-3027) yo jwenn sou Entènèt nan: http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, ak nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon Lèt ki adrese nan USDA epi bay nan lèt la tout enfòmasyon yo mande nan fòm lan. Pou mande yon kopi fòm plent, rele (866) 632-9992. Soumèt fòm ou ranpli a oswa lèt bay USDA pa:

(1) lapòs: Depatman Agrikilti Etazini
Biwo Sekretè Asistan pou Dwa Sivil
1400 Endependans Avenue, SW
Washington, DC 20250-9410:

(2) faks: (202) 690-7442; Ou

(3) imèl: program.intake@usda.gov.